

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Sastra téh alat pikeun nepikeun kahayang nu diébréhkeun dina wangun tulisan atawa lisan, karya sastra mangrupa kedaling eusi haté ti pangarangna dina ngolah basa nu diébréhkeun ngaliwatan média tulisan anu ngandung unsur kaéndahan. Réka basa nu dihasilkeun tina hiji pamikiran ngawangun runtuyan basa atawa tulisan nu karasa éndah ku nu macana. Basa dina sastra bisa mangrupa basa lisan nu ngahasilkeun sastra lisan, kitu deui jeung basa tulis nu ngahasilkeun sastra tulis.

Ku ayana wangun tulisan balukar tina kamajuan élmu pangaweruh jeung téhnologi, ieu hal mangrupa sarana dina kamekaran basa, anu saterusna lahir rupa-rupa aktivitas jeung kréativitas manusa nu diébréhkeun kana wangun karya sastra. Sastra mangrupa kagiatan kréatip ti pangarangna, ku cara nyipta jeung ngolah basa. Kamekaran hiji karya sastra némbongkeun kaparigelan ti masarakat dina jamanna. Sabab sastra nu ditulis dina hiji période, tangtu bakal ngagambarkeun adat-istiadat atawa kabiasaan masarakat dina jamanna.

Pangarang ngaliwatan karya sastrana lain saukur némbongkeun kaéndahan atawa miboga unsur hiburan wungkul tapi dina karya sastra miboga ajén-inajén nu mangrupa simbol ngeunaan harti kahirupan. Ku cara maca karya sastra, pangalaman katut wawasan pasti bakal nambahan, rupa-rupa hal nu patali jeung kahirupan bakal kapanggih tina karya sastra. Dina karya sastra loba ajén anu luhung teuleumaneun nu maca sangkan ngarti kana harti jeung hakékat hirup. Hasil karya sastra dipiharep bisa dipikaharti ku nu macana, boh eusina boh maksudna. Nu maca dipiharep bisa meunang informasi anyar jeung pangalaman tina téks nu dibacana.

Arini Dwi Jayanti, 2014

Ulikan struktural-semiotik kana kumpulan sajak lagu padungdung karangan Deni Ahmad Fajar pikeun bahan pangajaran maca sajak di SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Nilik kana wangunna karya sastra dibagi kana tilu wangun, nyaéta: puisi, prosa, jeung (carita) drama (Iskandarwassid, 2003, kc. 138). Karya sastra anu jadi bahan dina ieu panalungtikan nyaéta dina wangun puisi, dihususkeun kana wanda sajak

Basa dina sajak biasana ngagunakeun pilihan kecap nu padet, jeung miboga sifat konotatif. Dina ngama'naan hiji téks sajak nu maca kudu telik, taliti, ngalibetkeun daya nalar jeung imajinasi nu kuat dina prosés maham eusi sajak. Sangkan nu maca bisa nyangkem maksud jeung harti tina éta sajak, saméméh ngama'naan sajak sacara gembheng, biasana nu maca kudu wanoh heula kana unsur-unsur batin nu aya dina sajak sacara implisit ku cara ngulik kana téks sajakna. Ieu ulikan mangrupa cara nganalisis struktur sajak.

Kamekaran sajak ti waktu ka waktu ngalaman rupa-rupa parobahan, nu dilantarankeun ku ayana élmu pangaweruh, téknologi, jeung ajén éstétika ti pangarangna. Kiwari karya sastra sajak katitén beuki loba peminatna. Contona ku diayakeunana pasanggiri-pasanggiri ngeunaan sajak, boh pasanggiri macana boh nulis sajakna, acara-acara nu mintonkeun kréasi sajak, jsb. Sajak beuki dipikaresep ku balaréa. Ku masarakat, mahasiswa, kitu deui ku budak sakola dina pangajaran ngeunaan sajak.

Data-data nu kapanggih ngeunaan kagiatan nu aya hubunganna jeung sajak, upama baé dina bulan April 2013 di SMKN 2 Pasundan Kota Tasikmalaya ngayakeun pasanggiri maca sajak Sunda keur barudak sakola, tingkat SD, SMP jeung SMA. Ieu mangrupa pasanggiri maca sajak ka-12 nu diayakeun di éta tempat, dina bulan April 2012 kungsi diayakeun workshop basa jeung sastra Sunda anu eusina ngabahas ngeunaan sajak-sajak Sunda ti Disparbud Provinsi Jawa Barat, kalayan pangjejer ti Etty R.S., Godi Suwarna, Acep Zamzam Noor, Hawe Setiawan, jeung Dian Hendrayana, aya pintonan rampak sajak, aya ogé wanda anyar nu disebut musikalisasi sajak. Kitu deui jeung acara rutin unggal

Arini Dwi Jayanti, 2014

Ulikan struktural-semiotik kana kumpulan sajak lagu padungdung karangan Deni Ahmad Fajar pikeun bahan pangajaran maca sajak di SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

taun nu diayakeun ku Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah UPI dina kagiatan Riksa Budaya Sunda (RBS), nyaéta pasanggiri-pasanggiri ngeunaan kasundaan, kaasup di jerona aya pasanggiri maca sajak. Ku kituna katitén yén karya sastra wanda sajak téh beuki loba peminatna. Sajak geus jadi salasihiji wangun sastra Sunda sarta ditarima minangka wangun éksprési sastra Sunda dina basa Sunda. Luyu jeung nu aya di sastra Indonesia, Pradopo (dina Jabrohim, 2012, kc. 119), méré gambaran yén:

“Puisi kian diminati oleh masyarakat, baik oleh pelajar, mahasiswa, maupun masyarakat pada umumnya. Akan tetapi puisi atau sajak sukar dimengerti karena kompleksitas, pemadatan, kiasan-kiasan, dan pemikirannya yang sukar”.

Ayana kompléksitas cara ngama'naan sajak, ngabalukarkeun perlu ayana analisis sajak. Dina nganalisis karya sastra tangtu kudu ngagunakeun salasihiji tiori sastra, dina ieu panalungtikan digunakeun ulikan struktural karya sastra anu saterusna diwewegan ku tiori semiotik. Ieu hal luyu jeung pamadegan Pradopo (2007, kc. 118) yén strukturalisme teu bisa dipisahkeun jeung semiotik. Panalungtikan sastra maké pamarekan semiotik saenyana tuluyana tina pamarekan strukturalisme.

Taun 2012 terbit buku kumpulan sajak *Lagu Padungdung (LP)*, éta buku téh dilélér hadiah Sastra Rancagé taun 2013, sarta miboga ajén sastra anu hadé. Tina éta indikator, panalungtik nalungtik éta buku. Ku kituna, objék dina ieu panalungtikan téh nyaéta kumpulan sajak *LP* karangan Deni Ahmad Fajar, anu hasil panalungtikanna dilarapkeun pikeun bahan pangajaran maca sajak di SMA. Dina kurikulum 2013, pangajaran ngeunaan sajak pernahna aya di kelas XI SMA. Eusi tina éta kumpulan sajak *LP* bisa narik minat siswa lantaran sajakna nyaritakeun téma-téma nu aya di sabudeureun lingkungan sosial siswa.

Arini Dwi Jayanti, 2014

Ulikan struktural-semiotik kana kumpulan sajak lagu padungdung karangan Deni Ahmad Fajar pikeun bahan pangajaran maca sajak di SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Saméméhna aya sababaraha panalungtikan ti Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah anu kungsi medar ngeunaan analisis struktural wungkul jeung aya nu medar ngeunaan analisis struktural-semiotik. Upamana baé:

- 1) “Ajén Moral dina Kumpulan Sajak *Sasambat* Karya Yayasan Hendrayana” ku Mahyar Suryadi (2002),
- 2) “Analisis Struktural Semiotik dina Kumpulan Sajak *Waruga Garba* Karangan Eddy D. Iskandar” ku Nunung Sulastri (1999),
- 3) “Sajak dina *Manglé Alit* anu Medal dina Taun 2009 pikeun Bahan Pangajaran Maca Sajak di SMP Kelas VIII: (Analisis Unsur Intrinsik)” ku Nurwita (2009),
- 4) “Ajén Patriotis dina Kumpulan Carita Pondok *Oléh-oléh Pertempuran* Karangan Rukmana Hs. (Ulikan Struktural-Semiotik)” ku Yuyu Aisyah (2004).

Panalungtikan (skripsi) ngeunaan sajak nu diulik maké tiori struktural-semiotik katitén masih kénéh kurang, nu nyusun niténan panalungtikan-panalungtikan dina wangun skripsi saméméhna ngan aya hiji skripsi nu medar ngeunaan struktural-semiotik kana wangun sajak. Dina ieu panalungtikan dipedar unsur struktural-semiotik dina kumpulan sajak *Lagu Padungdung* karangan Deni Ahmad Fajar. Panalungtikan ngeunaan struktural-semiotik sakumaha nu geus ditetelakeun di luhur, mémang geus aya. Tapi anu ditalungtik dina ieu sajak mah béda objék anu ditalungtikna. Lian ti éta téks-téks sajak dina kumpulan saja *LP* miboga kaistiméwaan dina basana, beuki pondok sajakna beuki kompléks dina ngama'nana, nepi ka panyusun kataji. Ku kituna ieu panalungtikan dijudulan *Ulikan Struktural-Semiotik kana Kumpulan Sajak Lagu Padungdung Karangan Deni Ahmad Fajar pikeun Bahan Pangajaran Maca Sajak di SMA*, sarta perlu dilaksanakeun.

Arini Dwi Jayanti, 2014

Ulikan struktural-semiotik kana kumpulan sajak lagu padungdung karangan Deni Ahmad Fajar pikeun bahan pangajaran maca sajak di SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Luyu jeung kasang tukang panalungtikan nu geus dipedar saméméhna, ieu panalungtikan téh diwatesanan. Pasualan nu dipedar dina ieu panalungtikan museur kana tiori sastra dina ulikan struktural-semiotik dina kumpulan sajak *Lagu Padungdung* karangan Deni Ahmad Fajar, anu saterusna hasil panalungtikan disusun sangkan bisa dijadikeun bahan ajar pikeun pangajaran maca di SMA.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah di luhur, ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah ieu di handap.

- 1) Kumaha jengléngan kumpulan sajak *Lagu Padungdung* ditilik tina jihad struktural?
- 2) Kumaha jengléngan kumpulan sajak *Lagu Padungdung* ditilik tina jihad semiotik?
- 3) Kumaha larapna sajak-sajak nu aya dina kumpulan sajak *Lagu Padungdung* pikeun bahan ajar maca dina pangajaran basa Sunda di tingkat SMA?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan diayakeun ieu panalungtikan téh nyaéta pikeun ngaidéntifikasi jeung ngadéskripsikeun karya sastra, hususna dina wanda sajak dumasar kana ulikan struktural-semiotik.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus dina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) Ngaidéntifikasi jeung ngadéskripsikeun unsur-unsur struktural sajak anu aya dina buku kumpulan sajak *Lagu Padungdung* karangan Deni Ahmad Fajar.

Arini Dwi Jayanti, 2014

Ulikan struktural-semiotik kana kumpulan sajak lagu padungdung karangan Deni Ahmad Fajar pikeun bahan pangajaran maca sajak di SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 2) Ngaidéntifikasi jeung ngadéskripsikeun unsur-unsur semiotik sajak dina buku kumpulan sajak *Lagu Padungdung* karangan Deni Ahmad Fajar.
- 3) Ngalarapkeun hasil panalungtikan kana bahan pangajaran maca sajak di SMA.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun nganalisis, ngaidéntifikasi katut ngadéskripsikeun karya sastra wangun sajak dina kumpulan sajak *Lagu Padungdung* karangan Deni Ahmad Fajar. Lian ti éta hasil panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban bahan ajar pangajaran maca basa Sunda dina widang atikan.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis anu dipiharep tina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) Pikeun nambahan élmu pangaweruh ngeunaan kasusastraan Sunda hususna dina widang sajak.
- 2) Pikeun ngadéskripsikeun hasil analisis karya sastra dina wangun sajak dumasar kana struktur pangwangunna.
- 3) Pikeun ngadéskripsikeun hasil analisis karya sastra dina wangun sajak maké ulikan semiotik.
- 4) Pikeun nu ngabutuhkeun bisa dijadikeun bahan bacaeun atawa mangrupa salasihiji bahan référénsi sastra.
- 5) Pikeun dijadikeun bahan tinimbangan dina nganalisis karya-karya sastra.
- 6) Hasil panalungtikna bisa dijadikeun alternatif bahan pikeun pangajaran maca basa Sunda di SMA. Ku ayana bahan atawa matéri nu anyar dipiharep bisa nambahan bahan ajar maca sajak basa Sunda di SMA.

Arini Dwi Jayanti, 2014

Ulikan struktural-semiotik kana kumpulan sajak lagu padungdung karangan Deni Ahmad Fajar pikeun bahan pangajaran maca sajak di SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

1.5 Sistematika Nyusun Skripsi

BAB I: BUBUKA

- 1.1 Kasang Tukang Masalah
- 1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah
- 1.3 Tujuan Panalungtikan
- 1.4 Mangpaat Panalungtikan
- 1.5 Sitematika Nyusun Skripsi

BAB II: ULIKAN TIORI

- 2.1 Sastra
- 2.2 Puisi
- 2.3 Sajak
- 2.4 Analisis Struktural-Semiotik dina Karya Sastra
- 2.5 Struktural
- 2.6 Semiotik
- 2.7 Bahan Pangajaran

BAB III: MÉTODE PANALUNGTIKAN

- 3.1 Sumber Data
- 3.2 Desain Panalungtikan
- 3.3 Méhode Panalungtikan
- 3.4 Wangenan Operasional
- 3.5 Instrumén Panalungtikan
- 3.6 Téhnik Panalungtikan

BAB IV: HASIL PANALUNGTIKAN JEUNG PEDARAN

- 4.1 Déskripsi Data

Arini Dwi Jayanti, 2014

Ulikan struktural-semiotik kana kumpulan sajak lagu padungdung karangan Deni Ahmad Fajar pikeun bahan pangajaran maca sajak di SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 4.2 Analisis Struktural Kumpulan Sajak *Lagu Padungdung*
- 4.3 Analisis Semiotik Kumpulan Sajak *Lagu Padungdung*
- 4.4 Bahan Pangajaran Maca di SMA
- 4.5 Pedaran

BAB V: KACINDEKAN JEUNG SARAN

- 5.1 Kacindekan
- 5.2 Saran

Arini Dwi Jayanti, 2014

Ulikan struktural-semiotik kana kumpulan sajak lagu padungdung karangan Deni Ahmad Fajar pikeun bahan pangajaran maca sajak di SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu